

Bluejay Strong (Bluejay Fò) – 9 janvye 2024

Bonswa, elèv yo ak paran yo,

Mwen t ap panse ak nou tout pandan n ap pase ansanm pakou gerizon nou an.

Mwen konnen nou t ap mande pou plis enfòmasyon lojistik pandan n ap avanse. Objektif mesaj sa a se bay dènye nouvèl sou yon varyete sijè enpòtan. Objektif nou se gen yon novo mesaj nou pataje sou sit entènèt distri a, voye l atravè sistèm School Messenger a, epi afiche l sou paj Facebook lekòl la bò 3:00 p.m. chak jou.

Sa a pral yon zouti komunikasyon enpòtan pou nou pataje enfòmasyon alè ak tout moun, kidonk tanpri gade pou dènye nouvèl adisyonèl tout semèn sa a. Si ou gen lòt kesyon, tanpri voye yo nan Bluejaystrong@g.perry.k12.ia.us.

Tanpri sonje, pandan nou pa gen lekòl kounya, move tan sezon fredi ka afekte kèk aktivite diferan ak sèvis. Konsilte chanèl abityèl yo pou dènye nouvèl sa yo - School Messenger, sit entènèt lekòl la, televizyon lokal ak estasyon radyo, ak paj Facebook lekòl la.

Nouvèl pou Jodi a - Madi, 9 janvye 2024

Anons

- Lidèchip lekòl la pran desizyon pou ranvwaye patisipasyon nan TOUT konpetisyon ekstrawòdinè jiska omwen 16 janvye; antrenè ak esponnsò yo pral pataje tou plis enfòmasyon ak ekip yo, sa gen ladan detay sou antrènman.
- *Rapèl:* Vizit Ahmir Jolliff la se demen nan Caldwell Parish Funeral Home's Perry Chapel sòti 10 a.m. - 7 p.m., ak fanmi an k ap prezant soti 4 - 7 p.m.
- *Rapèl:* Antèman Ahmir Jolliff se Jedi, 11 janvye nan Legliz Katolik St. Patrick nan Perry, I ap kòmanse a 10:30 a.m.
 - *Ap gen plas siplemantè ki disponib nan First Christian Church nan lòt kote ri Legliz Katolik St. Patrick la.*
 - *Y ap transmèt antèman an tou an dirèk. Ou ka jwenn yon lyen nan: www.caldwellparish.com/obituaries/Ahmir-Jolliff?obId=30279853.*
 - *NÒT: Pakin trè limite alantou legliz yo. Transpò otobis ap kòmanse a 9:00 a.m. nan pakin pwofesè lekòl Perry Elementary School la, ki nan ri Dewey, pou rive legliz la. Dènye vwayaj la pral kite lekòl la pou rive nan legliz la a 10:15 p.m.*
 - *Yon fwa fineray la fini, transpò ap kòmanse imedyatman aprè fineray la pou retounen nan lekòl elemantè a.*
- Klarifikasyon DMACC: Klas an pèsòn ap kòmanse Mèkredi (kounya akòz nèj). Si elèv yo gen kesyon oswa yo bezwen èd, kontakte DMACC Perry VanKirk Center. Pou elèv ki pran kou sou entènèt, enstriktè yo te voye imèl bay elèv yo. Si elèv yo bezwen asistans oswa fleksibilite, tanpri fè enstriktè w la konnen.

Resous

- **COMFORT DOGS (CHEN KONFÒ):** Ekip LCC K-9 COMFORT DOGS la te rive nan Perry epi yo pare pou sipòte w. Zanmi ak fouri sa yo gen yon bon antesedan nan zafè bay soutyen ak konfò. Comfort Dogs yo - Eden, Gideon, Katie, Phineas, Charite, ak Joanna, ak mèt yo disponib pa randevou. Yo pral la tou nan Bilding Kominote McCreary a soti anviwon 9:00 - 11:00 a.m. ak 1:00 - 3:00 p.m. ak lòt kote nan kominote a tou. Gade sit entènèt lekòl la ak medya sosyal pou dènye nouvèl yo. Pou pran randevou pou yon vizit, voye imèl bay coordinator@k9comfort.org oswa ou ka rele oswa tèks 847-287-6612.
- **GADRI POU TIMOUN:** Gadri disponib nan Bilding Kominote McCreary a gratis pou timoun ki gen laj lekòl apati 6 a.m. - 6 p.m. Genyen tou kowòdonatè resous sekou pou katastwòf pou fanmi ki gen kesyon.
 - Y ap bay manje, kolasyon ak aktivite gratis; epi paran yo ap bezwen eskòte timoun nan Bilding Kominote McCreary, epi siyen pou yo ka antre. Epitou, si titè k ap vin pran timoun yo diferan de moun ki depoze yo a, tanpri asire w ou mete enfòmasyon kontak (imèl ak nimewo telefòn).
 - Pou plis enfòmasyon, tanpri kontakte: Bilding Kominote McCreary nan 515-465-5621
- **MANJE MIDI:** Manje midi pou anpòte disponib chak jou jiska nouvo avi nan lekòl elemantè a sòti 11:00 a.m. - 12:30 p.m. Yo pral afiche nenpòt chanjman akòz move tan sezon fredi a sou sit entènèt lekòl la, School Messenger, KCCI, ak paj medya sosyal.
- **SESYON SIKOLOJIK:** Heart of Iowa Community Services (Sèvis kominotè Heart of Iowa) (www.hicsiowa.org) ka konekte elèv ki bezwen sesyon sikolojik pou sipò sante mantal ak sèvis kowòdinasyon swen alontèm. Asistans finansye disponib pou moun ki pa gen asirans oswa moun ki gen pwoteksyon asirans limite. Kontakte Brandon Tews nan brandون.tews@dallascountyiowa.gov oswa 515-993-1722. Nou pral afiche tou resous sipò sou paj Facebook lekòl la.
 - Jodi a ak demen gen sipò konfidansyèl anliy gratis atravè Project Recovery Iowa. Vizite [Project Recovery Iowa](http://ProjectRecoveryIowa.com) - pou w enskri pou yon tan pou yon konvèsasyon vityèl, nan telefòn oswa chat epi endike tan ki bon pou ou. 800-447-1985
 - Easter Seals ap ofri sesyon sikolojik gratis vityèl jodi a. Lyen pou w antre se <https://us06web.zoom.us/j/6388777999> - Pral gen yon sal atant, n ap pran moun yo youn pa youn sof si nou tandé yon moun di yon gwooup vle pase ansanm.
- **ANTRÈNMAN POU ESPÒ POU TOUT MOUN:** ETS Performance ap òganize opòtinite antrènman pou espò pou elèv ki nan Sant Kominotè McCreary. Tout moun byenvini.
 - 4yèm - 8yèm ane - Midi Jedi
 - 9yèm - 12yèm ane - 1 p.m. Jedi
- **DON:** Distri Lekòl Perry Community te kreye kont nan Raccoon Valley Bank aprè fiziyad ki te pase jedi pase a nan Perry, Iowa. Gen de (2) kont diferan: youn pou fanmi Ahmir Jolliff epi lòt la pou Viktim/Manm pèsonèl/Elèv lekòl Perry Community a. Si ou ta renmen fè yon don pa chèk oswa lajan kach, pase nan nenpòt Raccoon Valley Bank nan Perry, Adel, Dallas Center oswa Grimes. Tout chèk yo ta dwe fèt sou non Distri Lekòl Perry Community a epi ekri distensyon kont lan nan liy memo a. Ou ka voye don yo tou atravè lapòs nan Raccoon Valley Bank nan PO Box 129, Perry, Iowa 50220. Lekòl Perry Community yo pral distribye 100% nan don yo kolekte yo bay moun ki afekte yo.

Retounen lekòl

- Tout elèv - lekòl segondè, lekòl mwayen ak elemantè - PA pral retounen nan klas semèn sa a. Y ap pataje plis enfòmasyon sou plan distri a pou retounen nan sal klas la yon fwa yo pran yo desizyon.
- Tanpri gade sit entènèt lekòl la ak chanèl medya sosyal pou nenpòt lòt dènye nouvèl ak anons.

K ap pase Demen - 10 janvye 2024

- Vizit Ahmir Jolliff nan Caldwell Parish Funeral Home's Perry Chapel la soti 10 a.m. - 7 p.m., ak fanmi an k ap prezan soti 4 - 7 p.m.